Ассаламу гIалайкум!

# ЦIумадисезул гьаракь

(Голос Цумады)

2024 соналъул 26 апрель Рузман №22 (7836) Газета бахъизе байбихьана 1937 соналъул 1 декабралда Багьа 8 гъуруш 12 +

ЦIУМАДА РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА - ЦУМАДИНСКАЯ РАЙОННАЯ ГАЗЕТА

**Барки**

## Районалъул нухмалъулесе шапакъат

Гьал къояз МахIачхъалаялда ГьудуллъиялъулРокъоб тIобитIана бакIалъулаб самоуправлениялъул къоялда хурхун «Дагъистаналъул муниципалиял гIуцIабазул Совет» ассоциациялъул данделъи.



Гьениб рохалилаб ахIвал-хIалалда ассоциациялъул нухмалъулев ГIали Темирбулатовас нильер районалъул бетIер Шамил ГIумаровасе кьуна бакIалъулаб самоуправление цебетIеялъул тIолгороссиялъул ассоциациялъул «БакIалъулаб самоуправление цебетIеялъухъ» абураб медаль.

Баркула Шамил ГIабдулаевичасда шапакъат, гьарула районалъул халкъалъул гIумру-яшав гIураб даражаялда букIинабизе жигар ва къуват.

## Терроризмалъул суал борхана

Араб анкьалъ Агъвали районалъул бетIер Шамил ГIумаров дандчIвана республикаялъул бетIерасул кумекчи, терроралде данде чIараб республикаялъул комиссиялъул мугIрузул зонаялда вугев вакил Керим Бадрудиновгун ва ДРялъул юстициялъул министрасул заместитель Муслим КъурамухIамадовгун.



Гьез гьоркьор лъуна бакIалъулаб самоуправлениялъул органаз терроризмалде данде гьарулел профилактикиял тадбирал рекъон ккезариялъул, муниципалиял гIуцIабазда терроризмалде дандечIараб пачалихъияб политика гIумруялде бахъинабиялъул ва терроризм загьирлъиялъе кверкакъулел гIиллаби ва шартIал тIагIинариялъе, гьелде данде гьаризе ккола профилактикиял тадбиразул хIакъалъулъ суалал.

Шамил ГIумаровас бицана терроризмалде дандечIараб районалъул комиссиялъул хIалтIул ва церечIарал масъалабазул.

ДандчIваялда хIадур гьабуна терроризмалде данде тIадчIеялъе тIадеги гьаризе ккола комплексалъулал тадбирал.

**Райадминистрациялъул пресс-хъулухъ**

## Эчедисел цебесеб кьерда

*Нильер заманалъул багьадурзаби, нужер мисал буго нижее дарслъун…*

КIиго чи дандчIвараб бакIалда хIинкъадго тIоцебе кьолеб суал букIуна гIагарал-гIунтIаразул ахIвал-хIал ва Украиналдаса цIиял харбал цIехон.

Гьебго хIал ккана дирги Эчеда росдал администрациялъул бетIер МухIамад ГIисаев дандчIвайдал МахIачхъалаялда.

ГIага-божаразулги рагъулаб хасаб операциялда ругезул бицинеги, дуцаго цIакъ бецулеб цIумадисезул десерт кванази цо бакIалда гIодор чIезе ккелин гьимана гьевги…



БитIун бицани, аза-азар дагъистаниязего гIадин, дирги рекIелъ ургъалил бакIаб гьир лъураб лъугьа-бахьин буго лъабабилеб соналъ унеб бугеб рагъ ва гьелъул бухIиги, рухIелги, улбузул рекIел кIутIиги къватIибе кьезе кIвеларин кколаан кидаго. РакI бихьула социалиял гьиназда гьелда хурхарал сураталгун баянкьеял, видеоби рихьидал. Амма пайда щибха, цо кIутIараб сихIруяб тIилалъул ((гьитIинаб лъимер гIадин, божизе бокьилаан гьелдаги) (волшебная палочка)) кумекалдалъун гьеб лъугIине-тIагIинабизе гьечIеб дир ресалъул. Инсаниятalda рагъ-кьал камураб мехго лъалеб батиларо, тарихалде раккиндал гьанир-дора ккун руго рагъулал тунка-хIусиял, щибаб рагъа-рачариялда рукIана бергьаралги къаралги, рукIана рагъул багьадурзабиги, цо-цо гIиллабазда бан, хIинкъи-къай рекIелъе биччан, хиянатлъи бихьизабуралги, гьезул хIалихьалъи сабаблъун халкъалъе цIикIкIараб зарал-зиян ккаралги (дида кIвеларо гьезда гIайиб-гъвел базе, хIалихьалъиги, хиянатлъиги кидаго беццараб букIинчIониги, имам Шамилицаги хадусеньул пикру гьабуралги багьадурал кколарин абунуги, цивасул жиндир къисмат бугин тани гурони)…

Дир пикраби гьоркьор кьотIизаруна МухIамадица телефоналда аскариязул ратIлилъ ругел гIолохъабазул сураталги рихьизарун. Чонтаул росулъа эчедиса гIолохъаби ругин абуна гьес рекIелъ цо чIухIигун, гIолохъабазул гьунараздаса бугеб рохелги загьир гьабулаго. Имангьазалиев Рамазан щуабилеб моцI буго къотIи-къайги хъван, Украиналъул Авдеевкаялъул рахъалда вагъулев вугелдаса, Жабрагьилов КъурамухIамад 2022 соналъул августалдаса нахъе вуго аскариязул цебесеб кьерда. Гьев гIахьаллъана Бахмут бахъулаго ккарал рагъазулъ ва жакъа къоялъги кьерда вуго Херсоналъул хасаб батальоналда.

Жидерго гIолохъанаб гIумруялда балагьичIого рагъулел руго гIолохъаби улка цIунулаго. Нильер районалда ккарал 1999 соналъул балагьаб августалъул рагъулал тунка-хIусиязул гIахьалчагIазулги, жидерго росу-ракьцояв, цохIо цIумадисезул гуревги, тIолго улкаялъул чIухIильун ккoлeв Совет Союзалъул бахIарчи Къади Абакаровасулги гьунаразул хIакъалъулъ гьезул гIемерисезда тарихалъул тIахьаздасагун биценаздасан гурони лъалебги батиларо, амма кIудияб буго гьезул гьунарги, бажаригун къохIехьейги жакъа фронталда.

Росуцояздасан мисал босун вагъулев вуго контрактник Такъавдинов Халилула Нурудиновичги араб соналъул ноябралдаса нахъе.



Чорхолъ яхI бессарал, хIинкъи-къай рекIелъ гьечIел ракьцоязул рес буго жал Къади Абакаровасул ирсилал ругилан абизе, къвакIараб хасиятальул, кьварараб гIамалалъул умумузул мисал босун, нухдасан таричIого ахирисев тушманасул рухI босизегIан гьедараб гьаялъе хилиплъичIого, ВатIан цIунулесул цIар борхатго ккевезе, цIунизе. Щивас хIаракат бахъулеб буго бергьенлъи гIагар гьабиялъулъ жидерго лъалкI тезе.

ЧIухIарал руго гIолохъабаздаса гьезул росуцоял-чонтаулалъулалги, цадахъ школалда цIаларалги.

ЦIалулъигун спорталъулъги лъикIал рукIанин гIолохъаби,-ян вуго МухIамад. Эбел-эмен, хьизан-лъимал гурелги росуцоялги рахIатхун балагьун чIун руго гIолохъаби бергьенлъигун сахсаламат тIадруссиналда.

Цебе кагътал рачIиналъухъ балагьун чIолаан нильер умумул, жакъа телефоналги видеобухьенги бугеб мехалъ, гьезул хIинкъи цIикIкIараб бугоники тушманасда мун вугеб бакI тIатиналда, цо-цо цоцахъе ахIичIого ракI чIоларила гIолохъабазул абуна гьезул росуцоял гьудул-гьалмагъзабазги.



Фронталда ругел гIолохъабаз ракIалде щвезарулел руго школалъул соналги, гIолохъанаб гIужги, гIагараб росу-ракьгун кьаси макьу билун, кьад рахIат бахьун, жидехъ балагьун ругел хьизан-лъимал, умумул ва гьудулгьалмагъзаби.

Жидеда цере лъурал масъалабиги тIуран, кватIичIого сахсаламат рокьор руссиналда гьезул щаклъи гьечIо. Жакъасеб къоялъул багьадурзаби хIадур руго, хIажалъи ккани, рухI кьезеги гьадахъ ругел гьудул-гьалмагъзабазе ва бергьенлъиялъе гIоло. Анкьабго рекьон букIине, курорталда жал гьечIебльи гьезда лъидасанго лъикI бичIчIулеб буго…

Гьезда бичIчIула жидеда церечIарал масъалабиги, гьезда бугеб жавабчилъигун тIалабчилъиги, жидеего бугеб хIинкъиялъухъ балагьичIого, тIоцере рортула рагъул кор боркьарал бакIаздеги цадахъ ругезе хIалаеги, тушманасул рукIкIел лъазабизе разведкаялдеги. Гьел хIадур руго жидерго борч тIубазе, гьельие ругьунлъаби гьез тIоритIана тIаса рищун бугеб захIматал (жесткие тренировки прошли) фронталъул цебесеб кьерда жидерго гIумруялъе хIинкъи цIикIкIарал рагъазулъ чанги гIахьаллъи гьабизе ккун.

СВОялда ругел тIолго рагъухьаби, батIа гьарилаpo бицен гьабулел цохIо эчедисел гIолохъаби. Гьел ккола чорхолъ чармилаб къвакIи бессарал, жидерго ритIухълъиялда ва бергьенлъиялда ракIчIарал, ва, хIажалъи ккани, улкаялъул эркенлъигун хьизанлъималазул, гIагарлъи-гIунтIаразул гIумру цIунизе жидерго рухIаздаги барахщулареб кьвариялъул, кьварарал умумузул мисал босарал гьезул мустахIикъал ирсилал.

ТIаса бищараб махщалие, букIа гьеб рекIее бокьун, яги улкаялде къо ккедал, ракIалъ ахIун, яхIалъ цIан, ритIухълъиялъухъ, рагъухьаби мустахIикъал руго ракI-ракIалъулаб баркалаялъе гуребги, бищунго тIадегIанал шапакъатазегун хьатир-адабалъе. Гьезул къохIехьеялъул

## Хушетиса Ибрагьим ВатIан цIунулезул кьерда



Араб соналъул маялдаса нахъе Украиналда унеб хасаб рагъулаб операциялда гIахьаллъулев вуго Хушетиса Ибрагьим Расулов.

Москваялде жиндирго хьулухъалъ арав Ибрагьим, жиндиего бокьун рагъулаб къотIиги хьван, гьенисанго ана Украиналде. Гьес хьулухъ гьабулеб буго Херсоналъул мухъалда ругел аскариязда гьоркьоб.

Ибрагьимил росулъ буго хьизан-лъимер ва чIужу.

Гьал къояз отпускалъе рокьове вачIарав Ибрагьим щвана редакциялде, бищана СВОялда бугеб ахIвал-хIалалъул, гIолохъабазул рагъуе бугеб ярагьиналъул ва таваккалльиялъул.

## Эчедисел цебесеб кьерда

1

мисалалъ бихьизабулеб ва бичIчIизабулеб буго гIун рачIунел гIелаздаги бахIарчи цоцIул холин, хIалихьат нусцIул холин абураб калима гIасрабазего хасиятаб, кIвар цIикIкIараб букIин, жиндирго эркенлъи цIунуларев, тIалаб гьабуларев лагъги кIицIул лагьлъун вукIине мустахIикъав вукIин, гьединлъидал улкаялъул патриотлъун вукIинеги, сверухълъиялда рекъел ва гIагаразул парахалъи-рахIат цIуниги щивасул борч букIин.

Щибаб рагъулаб тунка-хIусиялда рукIуна жидерго багьадурзаби. Бид бецIцIун, ракI гIодулеб бугониги СВОялда къадар щварав щивав солдатасда хадуб, бицун хIалкIоляреб, киналгIаги рагIабаз къватIибе кьолареб чIухIидул асар буго рекIелъ сундулъго лъикIаб рахъалъ мисал бихьизабулел нилъер гIолохъабаздаса бугеб чIухIиялъул. Гьезул багьадурлъи ва бахIарчилъи гIасрабаз хутIила наслабаз наслабазухъе кьолеб…

Я Аллагь, лъугIизе те рагь-кьалги, сах-саламат рокъоре раче улбузухъегун хьизан-лъималазухъе васалги вацалги. Амин.

БахIарчи Къадил ирс босарал эчедисезул гIолохъабиги, цогидал ракьцоялго ва улкацоялго гIадин, сах-саламат рокъоре руссин буго нилъер мурад.

**Хадижат Залимханова**

### ЛъагIалил учитель-2024

## Конкурсалъул призер

Дагъаб цебе МахIачхъалаялда тIобитIана «ЛъагIалил учитель -2024» абураб республикаялъулаб конкурс.

Гьенив гIахьаллъарав Метрада росдал школалъул тарихалъулгун обществознаниялъул учитель ТIадгъаквариса Мурад Дибиров вахъана конкурсалъул призерлъун.



-Конкурсалда гIахьаллъиялъ аслияб куцалъ дие кумек гьабуна учителасул махщел цебетIеялъе. Баркала кьезе бокьун буго дида сверухъ рукIаразе ва кумек гьабуразе. Гьединго кIудияб баркала Дагъистаналъул лъайкьеялъул ва гIелмуялъул министерствоялъе ва лъайкьей цебетIеялъул Дагъистаналъул институталъе (ДИРО) педагогикияб махщел цебетIеялъе лъолеб бутIаялъухъ,-ан абуна Мурад Гьазиевичас конкурсалда гIахьаллъиялъ щиб дуе кьурабин абураб суалалъе жаваб кьолаго.

**Сураталда:** Мурад Дибиров (кваранисa кIиабилев).

### Оцбай

## Гьигьалъ ихдалил байрам кIодо гьабуна

Араб гьатIанкъоялъ, 21 апрелалда, Гьигьалъ тIобитIана умумузулъанго бачIараб магIарулазул ихдалил байрам - оцбай.



Умумузул бищеназда рекъон Гьигьалъ оцбай тIобитIизе байбихьун буго кIинусгоялде гIагарун соналъ цебе, КIудияб ВатIанияб рагъул соназ гурони гьоркьоб кьотIизе течIого. Росдал

динго тадбиралде рачIун рукIана районалъул росабалъа, Чачаналда бугеб магIарулазул Кванхи росулъа, Ингушетиялдаса, ГIандиса ва ГIалахъа гьалбал.

Кидаго гIадин тадбир байбихьана росдал мажгиталда мавлид цIалиялдалъун, гьеб лъугIун хадуб, жамагIат ана тIоцебесеб рахъ бахъизе росдал мадрасаялъул хури-

бежараб чадил кIудияб гор босизе цере рахъана 1986 соналъул выпускникал. Гьезул рахъалъан баркиялъулаб кIалъай гьабуна МухIамадсултIан ГIалиевас.

АнцIго соналъ жидее тарбия ва лъай кьурал учителъабазе гIуцIарухъабазул рахъалъан баркалакьуна варакIалде щвеялъе сайгъатал гьаруна МахIачхъалаялъул ХIажи МахIачевасул цIаралда бугеб спортивияб школалъул директор СаидахIамад МухIамадовас. Гьединго тадбиралъул гIуцIарухъабазул рахъалъан гьалбадерие гьаруна кьиматал сайгъатал.

Къалъудаса хадуб, кидаго гIадин, тIоритIана къуръан цIалиялъул ва спорталъул миллиял тайпабазул рахъалъ къецал: лъабго километралъул манзилалъ рекери, чIаралъуса халалъуде кIанцIи, гамачI рехи, канат цIай ва Ичихъан хъаладухъе мотоциклазда рахин. Бергьаразе ва призеразе кьуна гIарцулал сайгъатал.



жамагIаталъул ва гIолохъабазул божи буго гIун бачIунеб гIелалъги гьеб тадбир хвезе течIого тIобитIилин. Цебе росулъ кинабгIаги ихдалил хIалтIи гьабулароан оцбай тIобитIун хадуб гурони. Гьеб тIобитIулаан иргадал росдал кула-



баз, садакъа гьабизе рес-санагIалъи рекъараз, район ва республика тун къватIир гIумру гьабун чIарал росуцояз. Гьал ахирал соназ тадбир тIобитIизе байбихьана росдал школа лъугIарал классцояз.

Исанасеб тадбир тIобитIана 1978 соналъул выпускниказ. Цересел кьоязго рачIана росулъе район тун къватIир ругел росуцоял. Гье-

ре. Гьениб дугIа-алхIамги цIалун, бахьана тIоцебесеб рахъ.

Пурцирахъ бахъун хадуб, росдал годекIаниб жамагIаталъ бачана зикру.

Тадбиралъул кIиабилеб бутIа бачана райадминистрациялъул спорталъулгун гIолилазул ишазул отделалъул нухмалъулев ТIалхIат ГIабдулбасировас. Байрам баркун кIалъазе рахъана тадбиралъул гIуцIарухъабазул вакил МухIамад ГьазимухIамадов, Гьигьалъ росдал администрациялъул бетIер Рамадан ГьазимухIамадов.

ТIадеялъе тадбир тIобитIизе Аллагьасе гIоло нигатгун корохъ

Росуцоязе ва гьалбадерие гIуцIана кванил гьарзаяб стол, гьабуна садакъа.

Росдал жамагIаталъулгун гIолохъабазул ва гьалбадерил гьункиялъ берцин гьабун, садакъа-хайрат ва дугIа-алхIам гьабун тIобитIана гьигьалъдерица ихдалил хIалтIуе байбихьи лъолеб байрам - оцбаялъул къо.

РакIалде ккола гьеб тадбир букIинин бачIунеб гIелалъе магIарулазул гIадаталги гьудул-гьалмагъльи цIуниялъе мисаллъун.

**ТIалхIат ГIабдулбасиров**

# Положение

## о проведении конкурса - ярмарки «Урожай 2024»

**1. Общие положения:**

1.1. Конкурс - ярмарка проводится как массовое мероприятие, которое представляет широкой общественности экологически чистую продукцию местных сельхозпроизводителей.

1.2. Учредителем и организатором Ярмарки является Администрация МР «Цумадинский район»,

**2. Цели и задачи:**

- поддержка местных товаропроизводителей благодаря рекламе их продукции под девизом «Покупайте экологически чистые продукты!»;
- формирование положительного образа сельских территорий и содействие их развитию;
- демонстрация возможностей выращивания урожая овощей, фруктов, ягод, картофеля, корма, муки, мяса свежего, сушёного (также и в живом виде), сыра, колбасы, яиц, молока, масла, меда и т.д, сельхоз товаропроизводителями;
-обмен передовым сельскохозяйственным опытом;
-обеспечение населения качественными продуктами питания;
-повышение активности населения к участию в ярмарках, предоставление возможности реализации излишек собственной сельскохозяйственной продукции и вовлечения населения к предпринимательской деятельности.

**3. Время проведения:**

3.1.Открытие состоится 8 октября 2024 года в 10.00 ч. (место проведения рынок с.Агвали)

**4.Организация и проведение:**

4.1.Общее руководство подготовкой и проведением выставки - ярмарки осуществляет оргкомитет, созданный постановлением администрации МР «Цумадинский район».

4.2 Организационный комитет:
- осуществляет подготовку и проведение конкурса - ярмарки;
- рассматривает заявки участников;
- осуществляет размещение участников;
- утверждает программу проведения праздника;
- утверждает список членов комиссии по награждению;
- осуществляет квнтроль за уборкой территории по окончании мероприятия;
- осуществляет информационное обслуживание в сети Интернет и СМИ;
- совместно с учредителем осуществляет награждение участников.

4.3 Комиссия по подведению итогов:
- проводит регистрацию участников;
-производит оценку участников по оценочным таблицам;
- определяет победителей в номинациях;
- готовит дипломы и подарки для церемонии награждения;
- участвует в церемонии награждения победителей.

**5. Участие в выставке-ярмарке**

5.1.Каждый участник самостоятельно привозит на ярмарку продукцию, организует и оформляет свое выставочное место, по возможности самостоятельно обеспечивает себя столами и торговым оборудованием.

5.2.Торговым предприятиям желательно иметь фирменную одежду, вывеску с названием фирмы.

5.3. На реализуемую продукцию животного происхождения участники должны иметь все необходимую разрешительную документацию ветеринарного надзора.

5.4. Участие в конкурсе-ярмарке бесплатное, площадь выставочного и торгового места не ограничено.

**6. Программа конкурса-ярмарки**

- С 09.00ч. - Регистрация участников, размещение, оформление выставочных и торговых мест;
- В 10.00 ч. -Торжественное открытие ярмарки-выставки «Урожай 2024»;
- С 10.00 ч - Концертная программа с участием солистов управления культуры;
- 13.00.4. - Подведение итогов, награждение
- 15.00.4. -Закрытие конкурса-ярмарки.

**7. Подача заявок и регистрация участников**

7.1. Для участия в конкурсе-ярмарке необходимо подать заявку в организационный комитет администрации МР «Цумадмнский район» до 1 октября 2024г.,

7.2. В заявке необходимо указать: ФИО, адрес и контактный телефон участника.

**8. Финансирование**

8.1. На основании утвержденной сметы расходов.

8.2.Оргкомитет составляет смету расходов по проведению конкурсаярмарки, ведет ведомость выданных подарков.

**9. Определение победителей и награждение участников.**

9.1. Участники награждаются грамотами и денежными призами:

За 1-ое место - 20000р;
За 2-ое место - 15000р;
За 3-ое место - 10000р;
За 4-ое место - 5000р.

9.2.Определение победителей производится по следующим номинациям:

1. «Лучшая выставка сельскохозяйственной продукции»:
- многообразие представленной продукции - до 10 баллов;
- художественно-эстетическое оформление - до 5 баллов;

2. «Самый необычный товар ярмарки»:
- необычная форма, размер плода - до 5 баллов;

3. «Самый популярный товар ярмарки»:
- наличие очереди у торговой точки - до 10 баллов;
- высокое качество продукции - до 10 баллов;
- самая низкая цена продукции - до 10 баллов.

4. «Отсутствие задолженности по налогам»:
- имущественного - 10 баллов;
- земельного - 10 баллов.

11.Комиссия вправе объявить дополнительные номинации.

12.Официальное подведение итогов проводится членами оргкомитета и комиссии с 13.00ч.

На конкурс будут приглашены представители министерств и ведомств РД.

**Телефон для справок:** 89673960192

## Неделя иммунизации

# Все, что в человеческих силах: спасение жизней с помощью иммунизации

Глобальные кампании по вакцинации, проводившиеся во второй половине XX века, являются одним из величайших достижений человечества.

Благодаря таким кампаниям нам удалось ликвидировать оспу, почти победить полиомиелит и обеспечить выживание и процветание большего числа детей, чем когда-либо прежде.

В этом году в рамках Всемирной недели иммунизации будет отмечаться пятидесятилетие Расширенной программы иммунизации (РПИ) - событие, дающее возможность признать наши коллективные усилия по спасению и защите огромного количества жизней от вакциноуправляемых заболеваний и обратиться к странам с призывом наращивать инвестиции в программы иммунизации для защиты следующих поколений.

Всего за пять десятилетий наш мир прошел огромный путь: если раньше угроза смерти ребенка заставляла многих родителей испытывать страх, то теперь каждый ребенок -если он вакцинирован -имеет шанс выжить и успешно развиваться.

Если в момент своего создания в 1974 г. Расширенная программа иммунизации (РПИ) была направлена на защиту всех детей от шести детских болезней, то сегодня спектр ее действия увеличился до 13 универсальных вакцин, рекомендуемых на протяжении всего жизненного цикла, и 17 дополнительных вакцин, которые назначаются в зависимости от конкретных условий. С учетом распространения программы вакцинации на весь жизненный цикл мы теперь называем ее Основной программой иммунизации.

В последние годы, которые пришлись на период пандемии, прогресс в области иммунизации замедлился. Хотя в 2022 г. в мире было привито на 4 миллиона детей больше, чем в 2021г., 20 миллионов детей так и не получили одну или более доз вакцины.

К числу факторов, препятствующих охвату этих детей вакцинацией, относятся усиливающиеся конфликты, экономический спад и рост нерешительности в отношении вакцин. Вследствие этого в мире происходят внезапные вспышки дифтерии и кори - болезней, с которыми мы до сих пор практически полностью справлялись.

Хотя охват вакцинацией в мире достаточно высок -4 из 5 детей проходят полный курс прививок, - нам предстоит сделать еще больше.

Мы можем создать условия для того, чтобы каждый получил возможность воспользоваться спасительным действием вакцин.

**Хадижат Джамалдинова,** главный врач филиала ФБУЗ «Центр гигиены и эпидемиологиив РД в Ботлихском районе»

## Налоговая служба

**Уважаемые налогоплательщики!**

С 1 января 2023 года налогоплательщики-организации и индивидуальные предприниматели уплачивают налоги, авансовые платежи, сборы, страховые взносы (кроме взносов на травматизм), пени, штрафы, проценты путем перечисления единого налогового платежа (ЕНП).

С 2023 года налогоплательщики, применяющие упрощенную систему налогообложения (далее - УСН) обязаны подавать уведомления об исчисленных суммах налогов, авансовых платежей по налогам, сборам и страховым взносам (КНД 1110355, приказ ФНС России от 02.11.2022 № ЕД-7-8/1047@).

Так, за 1 квартал уведомление подается не позднее 25 апреля 2024 года с указанием кода отчетного периода - «34/01». Уведомление об авансовых платежах по УСН за 2 квартал 2024 года представляется не позднее 25 июля (код отчетного периода «34/02»); за 3 квартал 2024 года - не позднее 25 октября (код отчетного периода «34/03»). При этом, код ОКТМО указывается соответствующего муниципального образования по месту жительства (месту нахождения). Уведомление можно направить по телекоммуникационным каналам связи, через сервисы «Личный кабинет индивидуального предпринимателя», «Личный кабинет налогоплательщика юридического лица», а также на бумажном носителе лично или по почте. Удобнее всего направить уведомление по телекоммуникационным каналам связи. Если авансовый платеж не меняется в течение года, можно оформить одно уведомление на несколько периодов. Если уведомление не будет подано или будет заполнено некорректно, денежные средства не поступят по назначению, а останутся на сальдо ЕНС, что может привести к начислению пени.

Так же напоминаем, что с 1 января 2024 года для налогоплательщиков исключается возможность использования платежных поручений в виде распоряжений на перевод денежных средств со статусом «02» вместо уведомлений об исчисленных суммах налогов.

С 2024 года налог при УСН уплачивается исключительно в рамках ЕНП.

Сроки уплаты авансовых платежей по УСН:
за 1 квартал 2024 года - в срок не позднее 02 мая 2024 года;
за 2 квартал 2024 года - в срок не позднее 29 июля 2024 года;
за 3 квартал 2024 года - в срок не позднее 28 октября 2024 года.

В соответствии со ст. 346.23 Налогового кодекса Российской Федерации налогоплательщики УСН обязаны представить налоговую декларацию в налоговый орган по месту нахождения организации или месту жительства индивидуального предпринимателя в следующие сроки:

организации - не позднее 25 марта; индивидуальные предприниматели - не позднее 25 апреля.

В соответствии с п. 9 ст. 58 НК РФ налогоплательщики, представляют в налоговый орган уведомление об исчисленных суммах налогов, авансовых платежей по налогам, сборов, страховых взносов, в том числе по УСН.

Указанное Уведомление представляется в налоговый орган по месту учета не позднее 25-го числа месяца, в котором установлен срок уплаты соответствующих налогов, авансовых платежей по налогам.

Сроки представления Уведомлений по УСН за 2024 год:
за 1 квартал 2024 года - в срок не позднее 25.04.2024;
за 2 квартал 2024 года - в срок не позднее 25.07.2024;
за 3 квартал 2024 года - в срок не позднее 25.10.2024.

Непредставление в установленный срок декларации влечет взыскание штрафа, предусмотренного статьёй 119 НК РФ.

Непредставление в установленный срок Уведомления влечет взыскание штрафа, предусмотренного статьёй 126 НК РФ, а также частью 1 статьи 19.4 КоАП РФ.

Более подробно ознакомиться с информацией о порядке заполнения уведомлений можно на сайте ФНС России в разделе «Уведомление об исчисленных суммах» промо страницы «Все о ЕНС».

## «Профессиональный компас - 2024»

# Вниманию выпускников школ!

Центром занятости населения Республики Дагестан с 23 по 28 апреля 2024 года проводится неделя профориентационных мероприятий «Профессиональный компас - 2024» среди молодежи, в том числе выпускников общеобразовательных организаций, в рамках Всероссийской ярмарки трудоустройства «Работа в России. Время возможностей».

Мероприятия организованы с целью оказания помощи выпускникам общеобразовательных учреждений в профессиональном самоопределении и ориентировании их на выбор профессий, пользующихся перспективным спросом на рынке труда.

Надеемся, что наша информация будет полезна выпускникам общеобразовательных организаций, а также их родителям.

**Патимат Бадрудинова**

Эркенаб гугари

## Дагъистаналъул первенствоялда бергьарал цIумадисел

Гьал къояз Каспийскиялда ГIали ГIалиевасул цIаралда бугеб спортивияб КIалгIаялда тIобитIана эркенаб гугариялъул рахъалъ гIолилазда гьоркьоб (U-24) Дагъистаналъул первенство.

Гьенир гIахьаллъарал нилъер районалъул гугарухъабаз рихьизаруна лъикIал хIасилал.

Меседил медалазул бетIергьанлъун рахъана Хъварщиса МухIамад ГIабдулкьадиров (79 кг.) ва Гьимерсоса ХIамзат ГIалижудинов (125 кг.).

ГIарцул медалал щвана АхIаджи МухIамадовасе (70 кг. Кванхи), ва Агъвалиса МухIамад Багьавдиновасе (97 кг.).

Мазгарул медалазе мустахIикълъана Муса ГIалибулатов (57кг. Кванхи), АхIмад Заурбеков (74 кг. Эчеда), АхIмад ХIамидов (74 кг. Кванхи), ГIабдурахIман ГIабдусаламов (79кг. Эчеда), МухIамад Абузагьидов (86 кг. Гьадири) ва Гьигьалъа МухIамад Шагьрудинов (97 кг.).

Гьел киналго гIахьаллъизе руго СКФОялъул первенствоялда.

**Шамил Бадрудинов**

## Зоналиял къецазда медалазул «бачIин» бакIарана

Арал гIодор къояз, 20-21 апрелалда, Болъихъ тIоритIана 2011-2013 соназ гьаурурал гIолилазда гьоркьоб эркенаб гугариялъул рахъалъ Дагъистаналъул первенствоялъул зоналияб къецал.

Гьениб медалазул лъикIаб «бачIин» бакIарана нилъер районалъул лъималазулгун гIолилазул спортивияб школалда куцалез.

Гьенир нилъер васаз босана анцIила цо медаль.

ТIоцебесеб бакI ккуна ГIали Рамазановас (48 кг.), кIиабилеб бакI щвана МухIамад ГIабдухIалимовасе (32 кг.), Идрис МухIамадовасе (48 кг.), Шагьрурамазан Къурбановасе (57 кг.).

Лъабабилеб бакIалде ккана ГIалибахIарчи МухIамадов (29 кг.), МухIамад МухIамадов (32 кг.), Халид ГIубайдулаев (38 кг.), ГIабдула МухIамадов (38 кг.), ГIабдула Салимов (48 кг.), Рамазан МухIамадов (48 кг.), ХIажимурад Гьазиев (57 кг.).

Бергьарас ва призерас гIахьаллъи гьабизе буго 4-5 маялда Гьарабудахкенталда тIобитIизесеб Дагъистаналъул первенствоялда.

Баркула гьезда щварал бергьенлъаби ва гьарула хадубккунги икъбал.

**Шамил Сажидов**

## Къецал тIоритIизе руго

КIудияб Бергьенлъиялъ 79-сон тIубаялъул хIурматалда 9 маялда Агъвали тIоритIизе руго спорталъул миллияб тайпабазул къецал:

-рекери 100 метралъ;
-гамачI рехи;
-гира рехи;
-чIаралъуса кIанцIи (халалъуде).

Бергьаразе кьезе рихьизарун руго гIарцулал сайгъатал:
1 бакI- 5000 гъурущ;
2 бакI -3000 гъурущ;
3 бакI - 2000 гъурущ.

## «Бергьенлъиялъул рекери»

КIудияб Бергьенлъиялъ 79 сон тIубаялда бан 8 маялда районалъул муниципалиял хIалтIухъабазда гьоркьоб тIобитIизе буго «Бергьенлъиялъул рекери» ахIиялда гьоркь Агъвалиса Гьакварисезул чвахелалде ва нахъеги Агъвали щвезегIан халатрекери.

Къецал байбихьизе руго сагIат 10-ялда. Бергьарал ва призерал кIодо гьаризе руго грамотабаздалъун ва медалаздалъун.

МугIрузул рекери

## Ветеран жеги кьерда вуго

20 апрелалда Краснодар краялъул Собер-Баш магIарда тIобитIана 40-49 сонил гIумруялъул ветераназда гьоркьоб мугIрузул рекериялъул рахъалъ Россиялъул чемпионат.




Нилъер ветеран Хуштадаса АсхIабов МухIамадие гьениб щвана ункъабилеб бакI.

Нахъисеб къоялъ Пятигорскиялда санайил тIобитIулеб полумарафоналда щуго километралъул манзилалда векерун МухIамад вахъана мазгарул призерлъун.

Баркула МухIамадида щварал бергьенлъаби.

**Шамил Бадрудинов**

## ГьитIинав речIчIухъан



Дагъаб цебе армиялъулаб кьабгIеялъул къецазда «Ступени Олимпа» абураб фестиваналда рекъон Москваялъул лъайкьеялъулгун гIелмуялъул департаменталда тIобитIараб рагъараб первенствоялда 8-9 сонил гIумруялъул васазда гьоркьоб 42 кг. цIайиялда тIоцебесеб бакI ккуна Хуштадаса Вечедов Давудил вас Эминица. Баркула Эминида бергьенлъи.

**Сураталда**: Эмин Вечедов

## МухIамадов ГIабдула

20 апрелалда нилъедаса ватIалъана жиндир тIолабго гIумру гIун бачIунеб гIелалъе лъайгун тарбия кье-



ялда арав лъикIав инсан, районалъул жамгIияв хIаракатчи, захIматалъул ветеран, Дагъистаналъул мустахIикъав учитель МухIамадов ГIабдула ГIумарович.

ГIабдула МухIамадов гьавуна 1950 соналъул 27 октябралда Хуштада росулъ.

1971 соналъ Буйнакскиялда авар педучилищеги лъугIизабун байбихьана гьес Хуштада росдал школалда хIалтIизе. ЛъагIалидаса цIализе лъугьана Дагъистаналъул пачалихъияб пединституталъул музыкаялъулаб факультеталде. Институт лъугIарабго хIалтIана Хуштада росдал школалда. ХIалтIудаса ватIа тIечIого 1983 соналда тIокIлъиялда (багIараб дипломалда) лъугIизабуна Дагъистаналъул пачалихъияб пединститутальул историялъулаб факультет. Гьелдаса нахъе хIалтIана тарихалъул учительлъун, цIалул рахъалъ директорасул заместительлъун, директорлъун.

Гьоркьоб заманалда анлъго соналъ хIалтIана Хуштада росдал Советалъул председательлъун. Нахъеги 2022 соналъул январалде щвезегIан хIалтIана тарихалъул учительлъун.

РакIбацIцIадаб ва гIемерсоназулаб хIалтIухъ ГIабдула ГIумарович мустахIикълъана «Россиялъул лъайкьеялъул хIурматияв хIалтIухъан», «Дагъистаналъул мустахIикъав учитель» абурал хIурматиял цIаразе. 2008 соналъ щвана Россиялъул Президентасул Грант-нусазарго гъурущ, 2015 соналъ гьесие кьуна «Патриот России» абураб медаль, 2019 соналъ мустахIикълъана «Россиялъул тарбия ва лъайкьеялъул хIурматияв хIалтIухъан» абураб цIаралъе.

ГIабдула вукIана районалъул жамгIияв хIаракатчи, районалъул тарихалда гьес тана мустахIикъаб лъалкI. Районалъ 90 сон тIубаялда бан къватIибе биччараб «ЦIумадисезул гьайбатаб тарих» абураб тIехьалъе гьес гьабуна цадахъаб авторлъи.

ГIабдула МухIамадов къадаралде щвеялда бан нижеца, гьваридаб пашманлъи загьир гьабун, зигара балеб буго гьесул хъизан-лъималазда, гIагарлъиялда ва Хуштада росдал жамагIаталда. Аллагьас иманалда тIовитIун ватаги.

**Районалъул актив**

«ЦIумадисезул гьаракь» газеталъул хIалтIухъабаз зигара балеб буго Дагъистаналъул мустахIикъав учитель Хуштадаса
**МухIамадов ГIабдула**
Аллагьасул къадаралде щвеалда бан гьесул хъизан- лъималазда ва гIагарлъиялда.

Аллагьас гьев иманалда тIовитIун ватаги, хъизан лъималазе сабру кьеги.

Лъазаби

ЦIумада районалъул Гьимерсоса росдал жамагIатчагIиги данделъун, Цолъарал Миллатазул ГIуцIиялъул (ООН) Генералияб Ассамблеялъул «Всеобщая декларация прав человека» абураб документалда рекъон, Цолъарал Миллатазул ГIуцIиялъул Генералияб Ассамблеялъ 62 абилеб сессиялда 2007 соналъул 13 сентябралда къабул гьабураб «О правах коренных народов» абураб Декларацияги, Россиялъул Конституцияги, Россиялъул Федералиял (ФЗ 82, ФЗ 104) къанунал ва гьединго Россиялъул хIукуматалъул (постановление правительства РФ №236 от 28.03.2001), Дагъистаналъул Пачалихъияб Советалъул (постановление Госсовета РД №191 от 18.10.2000) хIукмабиги кьучIое росун, къотIи гьабуна «Территориально-соседская Община коренного малочисленного народа аварцы «Гимерсинцы» абураб цIияб жамагIат гIуцIизе. КъотIиялда рекъон учредителаз гьебги гIуцIана.

Гьаб лъазабиялдаса хадур раккарал суалал кьезе ва разигьечIолъи загьир гьабизе бегьула учредителазул нухмалъулев МуртузагIалиев МуртузагIалие (+7-964-023-33-68), эл. почта: murtuzaliyev.59@mail.ru

Лъазаби

**11-12 маялда Агъвали тIобитIизе буго «ЦIумадисезул гьаракь» газеталъул призалъе торгIо хIаялъул турнир.**

БетIерав редактор
Малачдибиров
ГIубайдула СагIадулаевич
2-52-44

Редакциялъул
(издателасул) адрес: 368900
Дагъистан Республика,
ЦIумада район, Кьенгьара росу,
Заводалъул къватI, 4

«ЦIумадисезул гьаракь»
газета гIуцIарал:
Дагъистан Республикаялъул
«ЦIумада район» муниципалияб
районалъул администрация
(ОГРН 1020500562697)

Газета къватIибе биччана
«Издательский дом «Дагестан»
ГАУялъул типографиялда.

Адрес: 367018,
МахIачхъала шагьар,
Насрудиновасул проспект, 1 «А»
Тираж - 1480
Газеталъул индекс:
51377 (бащдаб лъагIалие)
63302 (лъагIалие)

Макъалабазда рехсарал
хIужабазул, тарихазул балъголъи
гъорлъ бугел ва цогидалги
баяназул жаваб авторас кьола.

Газета зарегистрирована
Управлением Роскомнадзора
по Республике Дагестан.
ПИ №ТУ05-00434
от 15 июля 2019 г.

Адрес электронной почты
GoIostsumady@maII.ru